Xalq deputatlari Taxiatosh tumani Kengashi
QARORI

Xaliq deputatlari Taqiyatas rayonliq Ken'esi
SHESHIMI

2022 - yil 15 - aprel VI-42-54-13-215-K/22 Taxiatosh tumani hokimligi

Халық депутатлары Тақыятас районлыы Кеңесиниң 2021-жыл 30-декабрдеги II-37-20-13-215-К/21-санлы шешимине өзгерис ҳәм қосымшалар киритиў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 3-декабрдеги "Ресурс салықлары ҳәм мал-мүлик салығын жәнеде жеделлестириў ҳаққында"ғы ПФ-6121-санлы Пәрманында, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм ўәлаят халық депутатлары Кеңеслери Салық кодексиниң 429 ҳәм 437-статьялары менен белгиленетуғын салық ставкалары тийкарында (юридикалық ҳәм физикалық тәреплердиң) аўыл-хожалығына мөлшерленбеген жерлер ушын қала ҳәм районлар кесиминде, олардың экономикалық раўажланыўына қарап жер салығы ставкасын 0,5 тен 2,0 ге шекем кемейтириўши ҳәм асырыўшы коэффициентлерин қолланған ҳалда жер салығы ставкаларын белгилеў нәзерде тутылған.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының 2022-жыл 25-февралдағы "2021-жыл 22-декабрдеги 555-санлы қарарына өзгерис хәм қосымшалар киритиў ҳаққында"ғы 605-санлы қарарына муўапық Халық депутатлары Тақыятас районлық Кеңеси

Ш Е Ш И М Е Т Е Д И :

1.Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының 2022-жыл 25-февралдағы "2021-жыл 22-декабрдеги 555-санлы қарарына өзгерис хәм қосымшалар киритиў ҳаққында"ғы 605-санлы қарары орынлаў ушын басшыллыққа алынсын.

2.Халық депутатлары Тақыятас районлық Кеңеси тәрепинен белгиленген жер салығы ставкаларына, олардың аймақларында жайласқан аўыл, аймақ, мәҳәлле, көше кесиминде 0,7 ден 3,0 ге шекем кемейтириўши

ҳәм асырыўшы коэффицентлерин киритиў ҳуқықына ийе екенлиги;

Бунда, белгиленген жер салығы ставкасына Халық депутатлары Тақыятас районлық Кеңеси тәрепинен салық жүгин кескин асырыўдың алдын алыў мақсетинде 0,7 ден 1,3 ге шекем кемейтириўши ҳәм асырыўшы коэффицентлерин биринши жылларда қоллаў, сондай-ақ физикалық тәреплер пайдаланыўында болған 1 гектардан артық жер участкаларына 3,0 ге шекем асырыўшы коэффицентлерди қолланыўы мүмкин екенлиги белгиленсин.

3.Халық депутатлары Тақыятас районлық Кеңесиниң 2021-жыл 30-декабрдеги “Тақыятас районының мәкан ҳәм аўыл пуқаралар жыйынлары, аўыл-хожалығы ушын мөлшерленбеген жерлер ушын юридикалық ҳәмде физикалық тәреплер (дийхан хожалығын жүритиў ушын берилген аўыл хожалығына мөлшерленген жерлерден тысқары) бирден-бир муғдарларда белгиленген базалық салық ставкаларына киритилип атырған кемейтириўши ҳәм асырыўшы коэффицентлерди қолланыў ҳаққында”ғы II-37-20-13-215-К/21-санлы шешиминиң 1 ҳәм 2-қосымшаларына тийисли өзгерислер киргизилсин.

5.Тақыятас районы ҳәкиминиң орынбасары (А.Аманов) районда юридикалық ҳәм физикалық тәреплердиң ийелеген жер участкаларына салық ставкаларының дурыс қолланылыўы бойынша өз қадағалаўын орнатсын.

6.Тақыятас районы Мәмлекетлик салық инспекциясына (Қ.Алиев) Халық депутатлары Тақыятас районлық Кеңеси тәрепинен белгиленген салық ставкалары бойынша жер салығы төлеўшилерди өз ўақтында хабарландырыў ҳәм өндирилиўин тәмийинлеў тапсырылсын.

7. Усы шешим “Тақыятас хабарлары” газетасында жәриялансын ҳәм Тақыятас районы ҳәкимлигиниң рәсмий веб–сайтына жайластырылсын.

8.Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Жергиликли бюджет, экономикалық реформаларды әмелге асырыў, инвестициялар ҳәм исбилерменликти раўажландырыў мәселелери бойынша турақлы комиссия баслығы (Д.Артиков)на жүклетилсин.

Kengash Raisi **I.I.Matkarimov**

Xalq deputatlari Taxiatosh tuman
Kengashining
2022 yil 15 apreldagi
VI-42-54-13-215-K/22-son qaroriga
1-ilova

Аўыл-хожалығы uшын мөлшерленбеген жерлер ушын юридикалық тәреплер бойынша бирден-бир (абсолют) муғдарда 1 гектар ушын белгиленбеген базалық салық ставкасына киритилген кемейтириўши ҳәм асырыўшы коэффицентлер

мың.сўмда

№	Мәкан ҳәм аўыл пуқаралар жыйынлары атамасы	Коэффицент (0,7 ден 3,0 ге шекем)	2022-жыл ушын жер салығы ставкасы
1	Абат макан МПЖ	1	22 680,0
2	Айдын жол МПЖ	1	22 680,0
3	Дослык МПЖ	1	22 680,0
4	Жайхун МПЖ	1	22 680,0
5	Кенегес АПЖ	1	22 680,0
6	Кусшылык МПЖ	1	22 680,0
7	Найманкул АПЖ	1	22 680,0
8	Нурлы келешек МПЖ	1	22 680,0
9	Орайлык МПЖ	1	22 680,0
10	Сарайкул АПЖ	1	22 680,0
11	Такыятас МПЖ	1	22 680,0
12	Халыклар Дослыгы МПЖ	1	22 680,0
13	Шамшырак МПЖ	1	22 680,0

Қосымша: Халқ депутатлары қалалық ҳәм районлық Кеңеслери тәрепинен юридикалық тәреплер ушын жер салығы ставкасин аўыл ҳәм мәкан пуқаралар жыйынлары ҳәмде кошелер кесиминде олардың экономикалық жақтан раўажланыўына қарап 0,7 ден 3,0 ке шекем кемейтириўши ҳәм арттириўши коэффицентлерин белгилеў хуқуқына ийе

Xalq deputatlari Taxiatosh tuman
Kengashining
2022 yil 15 apreldagi
VI-42-54-13-215-K/22-son qaroriga
2-ilova

Физикалық тәреплер бойынша (дийхан хожалыгын жүритиў бойынша берилген аўыл-хожалығына мөлшерленген жерлерден тысқары) бирден-бир (абсолют) муғдарда 1 кв.м ушын белгиленген базалық салық ставкаларына киритилип атырған кемейтириўши ҳәм асырыўшы коэффицентлер

сўмда

№	Мәкан ҳәм аўыл пуқаралар жыйынлары атамасы	Коэффициент (0,7 ден 3,0 ге шекем)	2022-жыл ушын жер салығы ставкасы
1	Абат макан МПЖ	1	178,0
2	Айдын жол МПЖ	1	178,0
3	Дослык МПЖ	1	178,0
4	Жайхун МПЖ	1	178,0
5	Кенегес АПЖ	0,7	124,6
6	Кусшылык МПЖ	1	178,0
7	Найманкул АПЖ	0,7	124,6
8	Нурлы келешек МПЖ	1	178,0
9	Орайлык МПЖ	1	178,0
10	Сарайкул АПЖ	0,7	124,6
11	Такыятас МПЖ	1	178,0
12	Халыклар Дослыгы МПЖ	1	178,0
13	Шамшырак МПЖ	1	178,0

Қосымша: Халық депутатлары қалалық ҳәм районлық Кеңеслери тәрепинен физикалық тәреплер ушын жер салығы ставкасын аўыл ҳәм мәкан пуқаралар жыйынлари ҳәмде кошелер массивлер кесиминде экономикалық жақтан раўажланыўына қарап 0,7 ден 3,0 ке шекемги кемейтириўши ҳәм арттириўши коэффицентлерин белгилеў хуқуқина ийе